

## **Kesyon yo Poze Souvan**

### **1. Kisa ki genyen nan pwose sa a?**

Se paran elèv ki andikape nan vil Nouyòk ki fè pwose sa a kont Depatman Edikasyon vil Nouyòk (NYC Department of Education (DOE)) paske yo di li pa te pran mezi ki nesèsè dapre arete odyans enpasyal yo. Sa rive paske li pa te genyen anplas yon sistèm oubyen yon politik avèk de pwosedri efikas pou li respekte arete odyans enpasyal yo atan. DOE a pa dakò ak akizasyon sa yo epi li plede pou defans li. Règleman ki fèt la pa vle di DOE a admèt li te mal aji ni li pa vle di li te vyole lalwa.

### **2. Poukisa mwen te resevwa Avi a?**

Ou resevwa avi a paske ou te mande yon odyans enpasyal ki fè yon Ofisye Odyans Enpasyal vin bay yon arete (Impartial Hearing Officer's order) oubyen yon estipilasyon règleman ki nan minit yo ant 13 desanm 2000 ak 31 janvyè 2008.

### **3. Kijan pou m fè pou m resevwa yon dosye reklamasyon nan yon lòt lang?**

Anplis lang angle a, dosye reklamasyon an disponib nan lang oudou, ris, panyòl, arab, kreyòl ayisyen, bengali, chinwa ak koreyen. Pou w kapab resevwa yon dosye nan nenpòt nan lang sa yo, rele Administratè pou Reklamasyon an (Claims Administrator) nan 1-800-918-8061.

### **4. Èske mwen genyen dwa soumèt Fòm Reklamasyon an nan lang pa mwen?**

Ou kapab soumèt Fòm Reklamasyon w nan lang angle, oudou, ris, panyòl, arab, kreyòl ayisyen, bengali, chinwa ak koreyen.

### **5. Kijan pou m fè pou mwen jwenn kopi Arete Odyans Enpasyal mwen an (yo)?**

Pou w kapab jwenn yon kopi Arete Odyans Enpasyal ou yo, rele Claims Administrator lan nan 1-800-918-8061 nenpòt ki lè anvan dat 30 jen 2008 epi y ap voye yon kopi arete w lan (yo) ba w.

### **6. Kijan pou m fè konnen si mwen se yon Moun ki Elijib pou Fè Reklamasyon?**

Ou se yon Moun ki Elijib pou Fè Reklamasyon si:

- ant 13 desanm 2000 ak 31 janvyè 2008 ou te jwenn yon arete favorab ki soti nan men yon Ofisye Odyans Enpasyal kont DOE a, oswa yon estipilasyon règleman ki enskri nan minit yo nan yon odyans enpasyal ak DOE a, EPI
- arete a oswa règleman an pa te egzekte jan yo di l la epi atan.

Si w pa si toujou si w elijib, ou kapab rele Advocates for Children nan 212-947-9779 ekstansyon 577 pou w jwenn plis enfòmasyon.

### **7. Pitit mwen an te jwenn plizyè Arete Odyans Enpasyal – èske mwen bezwen ranpli plis pase yon fòm reklamasyon?**

Wi. Ou dwe soumèt yon fòm reklamasyon apa pou chak arete. Menmsi li posib pou w jwenn aksyon lajistis pou plis pase youn nan arete yo nan kèk sikonstans patikilye, w ap jwenn sèlman yon aksyon lajistis pou chak timoun pou chak ane lekòl.

**8. Yo vin rive egzekite arete odyans mwen an men sa te pran anpil tan. Èske genyen posibilite pou m jwenn yon bagay nan kad règleman an?**

Menmsi yo te rive egzekite arete w lan, ou kapab elijib pou w jwenn yon aksyon lajistis nan kad règleman an si arete a pa te egzekite atan. Si arete w lan te mande pou DOE a pran yon dispozisyon ki pa yon peman dirèk epi yo pa te respekte dat pou yo egzekite pati sa a nan arete a, ou elijib pou w ta resevwa ranbousman pou nenpòt depans ou te fè pou edikasyon pitit ou poutèt yo pa te egzekite arete a atan oubyen pou w resevwa yon bon pou w jwenn sèvis edikasyon pou konpanse sa. Men si DOE a kapab demontre li te egzekite arete a nan yon dèlè 60 jou apre arete a parèt, ou kapab elijib sèlman pou w resevwa yon bon pou yon valè ki kapab rive \$2 000 sòf si ou kapab pwouve elèv la te sibi gwo konsekans negatif akòz dèlè a.

**9. Yon pati nan arete m lan te egzekite nòmalman epi atan men sa pa fèt konsa pou yon lòt pati ladann. Èske genyen posibilite pou m jwenn yon bagay nan kad règleman an?**

Menmsi se sèlman yon pati nan arete w lan ki pa te egzekite nòmalman epi atan, ou kapab elijib pou w fè yon reklamasyon nan kad règleman an. Pa egzanp, si arete w lan te mande pou DOE a peye w epi pou l ba w yon sèvis, epi DOE a peye w men li pa ba w sèvis la, ou kapab reklame yon ranbousman pou nenpòt depans ou te fè paske yo pa te bay sèvis la oubyen ou kapab mande yon bon pou w jwenn sèvis edikasyon pou konpanse sa oswa pou w jwenn teknoloji pou ede moun.

**10. Kisa pou m fè pou m resevwa dedomajman?**

Pou w kapab resevwa yon bon pou sèvis edikasyon, ranbousman pou sèvis edikasyon oswa nenpòt peman yo egzije nan yon arete enpasyal, ou dwe ranpli fòm reklamasyon an epi voye l tounen, ansanm ak tout dokimantasyon yo mande a, avèk yon so lapòs ki pote dat 30 jen 2008 pou pita.

**11. Kisa pou m soumèt ansanm ak fòm reklamasyon mwen an?**

- Si w ap mande **yon bon** sèlman pou sèvis edikasyon pou konpanse w oswa teknoloji pou ede moun, se **SÈLMAN** fòm reklamasyon an ou bezwen soumèt.
- Si arete w lan te mande pou DOE a **peye yon montan patikilye an dola** epi w ap mande pou yo peye w montan sa a, se **SÈLMAN** fòm reklamasyon an ou bezwen soumèt.
- Pou tout lòt kondisyon yo, tanpri ale gade enstriksyon yo ki nan dezyèm paj nan Enstriksyon pou w Ranpli Fòm lan.

**12. Kisa m ap resevwa si m ranpli yon fòm reklamasyon?**

Dedomajman moun ki elijib pou fè reklamasyon kapab resevwa depann de kondisyon patikilye chak moun k ap fè reklamasyon, kifè li pa posib pou yo ba w yon montan egzak. Ou kapab elijib pou w resevwa peman nenpòt lajan DOE a te resevwa lòd pou l peye, pou yo ranbouse w pou depans ou te fè paske DOE a pa te konfòme l nèt ak arete odyans enpasyal la epi li pa te fè l atan oubyen pou w jwenn yon bon pou sèvis edikasyon ak teknoloji pou ede moun ki kapab rive jis \$8 000 (\$15 000 pou sèten ka espesyal).

**13. Si mwen soumèt yon Fòm Reklamasyon ak dokiman yo mande yo, èske otomatikman m ap resevwa sa mwen mande a?**

Non. DOE a kapab konteste reklamasyon w lan epi li kapab eseye montre li te egzekite arete w lan nòmalmman epi atan oubyen montre elèv ki konsène a pa te sibi okenn domaj oswa domaj la pa te anpil malgre li pa te egzekite arete a nòmalmman epi atan. DOE a dwe soumèt objeksyon l nan yon dèlè 35 jou apre dat ki sou so lapòs Fòm Reklamasyon ou voye a. Y ap voye kopi objeksyon yo bay oumenm oswa reprezantan w ou te idantifye sou Fòm Reklamasyon w lan. Ou genyen 60 jou apati dat ou te resevwa objeksyon yo pou ou reponn. Apre sa, Oditè Endepandan an ap deside si DOE a te pwouve arete a te egzekite atan oubyen si elèv la te sibi domaj ki pa konsekan. Oditè Endepandan an dwe analize reklamasyon w lan tou epi li dwe apwouve l si se yon bon w ap mande.

**14. Kimoun ki kapab jwenn bon?**

Si arete odyans lan te mande pou DOE a bay sèvis edikasyon oubyen pou l pran nenpòt lòt mezi, anwetan peye w, epi DOE a pa te egzekite arete a nòmalmman epi atan, ou kapab elijib pou w ta resevwa yon bon pou sèvis edikasyon oswa teknoloji pou ede moun nan kad règleman an.

**15. Kòman yo deside ki valè lajan bon yo voye ba mwen an bay?**

Montan nòmral bon yo se \$8 000 men lajan bon an kapab plis oubyen mwens nan yon seri sitiyasyon espesyal. Ou kapab resevwa yon bon pou \$15 000 si elèv la pa te ale lekòl ditou oubyen si li te plase yon kote ki pa te bon pou li ditou pandan plis pase 45 jou nan yon peryòd 60 jou lekòl, sòf si DOE a kapab montre Oditè Endepandan an se pa paske yo pa te egzekite arete a nòmalmman epi atan ki fè elèv la te plase yon kote ki pa te bon pou li ditou oswa li pa te ale lekòl.

Valè bon an kapab mwens tou si DOE rive konteste bon w lan konsa:

- Si DOE a rive montre domaj elèv la te sibi pa te anpil, bon an kapab pou yon montan ki ant \$0 ak \$2 000.
- Si DOE a rive montre se sèlman youn nan sèvis yo egzije nan arete a li pa te bay (terapi pou pale, ègoterapi, terapi fizik oubyen seyans konsèy), lè sa a bon w lan ap pou \$4 000.
- Si DOE a rive montre li te voye envitasyon pou elèv la patisipe nan pwogram yo rele 2004 Summer Related Services Compensation Program, lè sa a bon w lan ap pou \$4 000 sòf si ou pwouve ou pa te resevwa envitasyon an oswa ou te genyen yon rezon valab pou pa sèvi avèk li.
- Si elèv la te resevwa yon diplòm lekòl segondè lokal oubyen yon diplòm Regents nan dat 31 janvye 2008 pou pita, ou kapab pa resevwa okenn bon men ou toujou kapab reklame yo ranbouse w lajan w te depanse paske yo pa te egzekite arete a oswa yo pa te janm fè yon peman yo te bay lòd pou yo fè nan arete a.

**16. Kibò mwen kapab sèvi ak bon yo bay nan kad règleman an?**

Ou kapab jwenn yon premye lis founisè ki dakò pou yo aksepte bon yo bay nan kad règleman an nan wèbsayt sou règleman an nan [www.hearingordersettlement.com](http://www.hearingordersettlement.com) epi ou kapab resevwa l tou si w rele Advocates for Children nan 212-947-9779 ekstansyon 577. Yo kapab mete lis sa a ajou tanzantan. Si w ta vle sèvi ak bon an pou peye yon founisè sèvis edikasyon ki pa sou lis sa a, ou kapab adrese yon rekèt ba Oditè Endepandan an. Pou w kapab fè sa, ou dwe adrese yon lèt ba sa yo rele Independent Auditor la epi voye l pa lapòs ba: LV et al v. NYC Dept of Education, c/o The Garden City Group, Inc., P.O. Box 9000 #6495, Merrick, NY 11566-9000.

**17. Kijan bon yo pral fonksyone?**

Si w sèvi ak yon founisè sèvis ki deja apwouve, ou kapab prezante bon an bay founisè a pou w peye l. Founisè a ap voye fakti a ba DOE epi l ap pase nan men Administratè pou Reklamasyon yo rele Claims Administrator lan pou l peye nan yon dèlè 45 jou.

**18. Kilè m ap resevwa peman m ak/oswa bon mwen an?**

Tribinal la pral òganize yon Odyans ki rele Settlement Fairness Hearing nan dat 10 avril 2008 pou l deside si l ap apwouve règleman yo pwopoze a. Si Tribinal la apwouve règleman an, kapab toujou genyen apèl. Si genyen apèl, nou pa konnen konbyen tan sa kapab pran pou yo tranche kesyon an. Yon fwa règleman yo pwopoze a ta vin final, y ap voye bon yo ak peman yo nan yon dèlè 60 jou pou piplis apre dat yo resevwa fòm reklamasyon w lan ak tout dokiman ki apiye l yo oubyen 60 jou apre dat règleman an vin efektif, selon sa ki vin andènye an, sòf si DOE a konteste reklamasyon w lan. Si DOE a deside konteste reklamasyon w lan, li dwe fè l nan yon dèlè 35 jou apre dat ki nan so lapòs reklamasyon w lan. Apre sa ou pral genyen 60 jou pou reponn objeksyon DOE a fè anrapò ak reklamasyon w lan. Si Oditè Endepandan an deside ou genyen dwa pou w jwenn yon peman oswa yon bon malgre objeksyon DOE a, ou pral resevwa peman an oswa bon an nan yon dèlè 45 jou apre desizyon Oditè Endepandan an.

**19. Kijan m ap resevwa yon peman oswa yon bon?**

Si règleman an apwouve, epi ou genyen pou w jwenn yon peman oswa yon bon nan kad règleman an, ou pral resevwa yon chèk oswa yon bon nan lapòs. Si arete a te mande pou peman an fèt ba yon founisè epi ou mande pou peman an fèt, y ap peye founisè a dirèkteman.

**20. Kilè pou m soumèt Fòm Reklamasyon mwen an?**

Ou fèt pou w soumèt Fòm Reklamasyon w lan, ansanm ak nenpòt dokiman w bezwen pou apiye l, yon jan pou li pote so lapòs ki date 30 jen 2008 pou pita.

**21. Èske fòk mwen bay Avoka m Fòm Reklamasyon an oubyen mwen kapab voye l mwenmenm?**

Si se yon avoka ki te reprezante w nan odyans enpasyal ou an, ou kapab vle pou w konsilte avoka sa a anvan ou soumèt Fòm Reklamasyon w lan. Ou kapab poste fòm lan, ansanm ak dokiman ki apiye l yo, oumenm. Yon avoka oswa yon reprezantan otorize kapab siyen Fòm Reklamasyon an epi soumèt li pou ou men li dwe bay prèv li genyen otorizasyon pou sa lè li soumèt Fòm Reklamasyon an ak dokiman ki dwe vini ansanm avèk li.

**22. Kilès ki Oditè Endepandan an?**

Tout pati yo pwopoze de antite ki kapab sèvi kòm Oditè Endepandan epi y ap tann Tribinal la deside. Apre Tribinal la fin deside, y ap afiche non Oditè Endepandan an nan wèbsayt la nan [www.hearingordersettlement.com](http://www.hearingordersettlement.com) oswa ou kapab jwenn enfòmasyon sa a si w rele Advocates for Children nan 212-947-9779 ekstansyon 577.

**23. Ki konsekans Règleman sa a genyen sou jan y ap egzekite arete odyans yo alavni?**

Oditè Endepandan an ap fè rapò chak twa mwa sou kijan DOE a ap egzekite arete odyans enpasyal yo. Si DOE a pa egzekite yon kantite sifizan arete atan, li pral genyen pou l mete anplas yon plan aksyon korektif epi, si sa pa mache, avoka moun ki konsène yo ki rele Class Counsel lan kapab mande Tribinal la pou l deside DOE a vyole dispozisyon yo rele Stipulation of Settlement lan epi pou li jwenn yon solisyon.

**24. Sa k ap pase si mwen resevwa yon arete odyans enpasyal nan jou ki lye fevriye 2008 oubyen apre sa?**

Ou p ap elijib pou w jwenn bon oswa peman men ou toujou genyen dwa pou w jwenn dedomajman endividyèl ki apwopriye nan men yon enstans apwopriye si yo pa egzekite arete w lan atan. Si Oditè Endepandan an deside DOE a pa te egzekite arete w lan nòmalman epi atan, w ap resevwa yon Avi ki di sa yo rele Non-Implementation Notice ou kapab sèvi kòm prèv nan yon litij pou yo respekte arete w lan.

**25. Kijan m ap fè konnen kilè Claims Administrator lan resevwa Fòm Reklamasyon mwen an?**

Claims Administrator lan ap voye yon kat konfimasyon pou ou nan yon dèlè 30 jou apre li fin resevwa Fòm Reklamasyon w lan. Si w pa resevwa yon kat nan lapòs, tanpri kontakte Claims Administrator lan nan imèl [questions@hearingordersettlement.com](mailto:questions@hearingordersettlement.com) oswa rele liy pou èd gratis lan.

**26. Kisa mwen kapab fè si mwen genyen lòt kesyon oswa mwen bezwen yo ede m ranpli Fòm Reklamasyon mwen an?**

Ou kapab rele Advocates for Children nan 212-947-9779 ekstansyon 577 si w genyen lòt kesyon oswa ou bezwen èd pou ranpli fòm reklamasyon w.

**27. Kisa k ap pase si mwen chanje kay apre mwen fin voye Fòm Reklamasyon mwen an nan lapòs?**

Si ou chanje adrès apre ou fin soumèt Fòm Reklamasyon w, ou dwe avize Claims Administrator lan pou bay nouvo adrès ou alekri. Voye li ba LV et al v. NYC Dept of Education, c/o The Garden City Group, Inc., P.O. Box 9000 #6495, Merrick, NY 11566-9000.

**28. Kilè epi kibò Tribinal la pral deside si l ap apwouve règleman yo pwopoze a?**

Tribinal la pral òganize yon Odyans ki rele Settlement Fairness Hearing nan dat 10 avril 2008 a 10è00 am nan United States District Court for the Southern District of New York, Daniel Patrick Moynihan United States Courthouse, 500 Pearl Street, New York, New York 10007, nan sal Tribinal 14A. Nan odyans sa a, Tribinal la pral analize si règleman yo pwopoze a jis, rezonab epi si l apwopriye. Apre odyans lan, Tribinal la pral deside si pou l apwouve règleman yo pwopoze a. Ou kapab asiste odyans lan men ou pa oblije la.

**29. Sa k ap pase si m pa dakò ak règleman yo pwopoze a?**

Si w ta renmen di w pa dakò ak règleman an, ou kapab voye objeksyon w alekri epi voye l pa lapòs nan adrès ki nan paj 5 Avi sou Règleman an. Si w ta vle pale nan odyans lan, fòk ou mande Tribinal la pèmisyon pou sa. Pou w fè sa, swiv enstriksyon ki nan paj 6 Avi sou Règleman an. Lèt ou an dwe pote so lapòs ki gen dat 21 mas 2008 pou pita.

**30. Kilès ki Claims Administrator lan?**

Claims Administrator lan se The Garden City Group, Inc.

**31. Kisa pou mwen fè si m pa vle antre nan règleman sa a?**

Si w pa vle antre nan règleman sa a, voye fòm nou mete ansanm ak Avi sou Règleman an tounen ba nou pou di ou « pa vle antre », oubyen ou pa vle resevwa ni bon, ni ranbousman, ni peman. Si w pa antre ladann, se tout dwa w pou ou fè reklamasyon legal endividyèl ou ki anrapò ak arete odyans enpasyal ou oswa lòt arete ki pote dat 31 janvyè 2008 pou pita.

**32. Kisa k ap pase si mwen pa fè anyen?**

Si w pa fè anyen epi ou elijib pou w ta jwenn yon bon oswa yon peman pou depans edikasyon, ou P AP resevwa okenn bon oswa peman ou te genyen dwa pou w resevwa. Ou p ap kapab angaje pouswit legal nonplis, ni kontinye ak pouswit ki deja angaje, ni pou w janm fè pati nenpòt lòt pwose kont DOE a sou kesyon legal ki anrapò ak ka sa a ankò. Kidonk, ou ta dwe voye fòm reklamasyon an oswa fòm pou w pa antre nan règleman an jou ki 30 jen 2008 pou pita.

**33. Kibò mwen ka jwenn plis enfòmasyon sou litij lan?**

Pou w jwenn plis enfòmasyon, vizite [www.hearingordersettlement.com](http://www.hearingordersettlement.com) oubyen rele Advocates for Children nan 212-947-9779 ekstansyon 577. Pa chèche kontakte Tribinal la konsènan Avi sou Règleman an oswa pwose a.

**34. Kibò mwen kapab jwenn yon kopi Avi sou Règleman an oswa Fòm Reklamasyon an?**

Ou kapab chaje Avi sou Règleman an ak Fòm Reklamasyon an nan [www.hearingordersettlement.com](http://www.hearingordersettlement.com). Ou kapab rele Claims Administrator lan tou nan 1-800-918-8061 pou w mande yon kopi.

Lis Lang yo